# «117-KVARTIRA» SPEKTAKLINDE SIMVOLLÍQ OBRAZ HÁM DRAMEDIYA JANRÍNÍŃ SAXNALÍQ TALQÍLANÍWÍ

**Ismailov Ajiniyaz Esbergenovich** – *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanısh sózler:** teatr, dramaturg, aktyor, rejissyor, spektakl, dóretiwshi, repertuar, dekoraciya.
**Ключевые слова:** драматург, театр, актёр, режиссёр, спектакль, создатель, репертур, декорация.
**Key words:** theater, playwright, actor, director, play, creator, repertoire, decoration.

Zamanagóy teatr kórkem ónerinde janrlar únlesligi hám simvolikalıq obrazlar arqalı sociallıq mashqalalardı sáwlelendiriw úlken áhmiyetke iye bolmaqta. Usı kózqarastan Qaraqalpaq mámleketlik jas tamashagóyler teatrı repertuarınan orın alǵan "117-kvartira" spektakli mazmun hám forma jaǵınan dıqqatqa ılayıqlı sahnalıq shıǵarmalardan biri bolıp esaplanadı. Bul spektakldi teatrdıń ádettegi spektakllerinen ózgesherek dep aytıwǵa arzıydı. Óytkeni spektaklde jańa janrdı (dramediya) hám rejissyor tapqırlıqtı kóriwimizge boladı. Spektakldiń tiykarǵı obrazı - "Úy adamı" (domovoy) esaplanadı. Bul personaj slavyan xalıqları folklorında keń tarqalǵan mifologiyalıq qaharman bolıp, ádette úydi qorǵawshı, tártip hám tınıshlıqtı saqlawshı ruwh sıpatında kóz aldına keltiriledi. Biraq "117-kvartira" spektaklinde bul obraz dástúriy folklor talqılawınan ózgeshe, keńirek filosofiyalıq-simvolikalıq mániste kórsetiledi. Tamashagóy aldında tábiyiy sorawlar tuwıladı: úy adamı kim, ol qalayınsha 117-kvartirada payda bolǵan hám onıń bul kvartiradaǵı wazıypası neden ibarat? Bul sorawlarǵa juwap spektakl dawamında basqıshpa-basqısh ashıp barıladı.

Perde kóterilip úy adamı sahnada kórinedi hám ol usı úydiń iyesi ekenligin málim etedi. Sonday-aq, ol muhabbat atlı sezimniń waqtınsha ekenligi, adamlardıń turmıs qurǵanınan keyin bul sezim joqqa shıǵıwın óz pikirlerinde bildiredi. Spektakl barısında úy adamı hámiyshe usı kvartiraǵa kelgen shańaraqlardıń erte ajırasıwlarına túrtki bolıp otıradı. Usı jerde spektakl ideyalıq jaqtan barlıq ayıptı úy adamına júklemeytuǵınının atap ótiw orınlı. Kerisinshe, personajlardıń ishki dúnyası, xarakteri, óz ara múnásibetlerdegi kelispewshilikler burınnan bar ekenligi kórsetiledi. Úy adamı bolsa tek ǵana jasırın haqıyqatlıqlardı tezletiwshi, sırlardı ashıp beriwshi simvolikalıq kúsh sıpatında talqılanadı. Biraq tamashagóy "Ne ushın úy adamı shańaraqlardıń buzılıwınan mápdar?" degen soraw ústinde pikir júrgize baslaydı. Bul sorawǵa juwap spektakldiń final bóliminde berilip, úy adamınıń áyne usı kvartiraǵa baylanısıp qalıw sebebi ashıp beriledi. Yaǵnıy 117-kvartiraǵa kelgen eń sońǵı shańaraqlar úy adamınıń ne ushın bul úydiń qorıqshısına aylanıp qalǵanlıǵın onıń kúndelikke jazıp qaldırılǵan tágdirin oqıw arqalı túsindirip beredi. Usı jerde avtordıń sheberligine hám ideyasınıń joqarı ekenligine, jáne bir márte isenimimiz kámil boladı. Sebebi, usı kvartiraǵa kelgen dáslepki shańaraqlardıń barlıǵı – jas shańaraqlar hám olardıń shańaraqlıq qatnasıqlarında kemshilikti, qıyanetti hám túsinbewshiliklerdi baqlaymız. Biraq eń sońǵı kelgen shańaraq ádettegilerinen basqasha – olar jasları ádewirge barǵan erli-zayıplar. Bul shańaraq arqalı tamashagóy turmısta ushırasatuǵın qıyınshılıqlardı, oylı-biyik soqpaqlardı, qarlı-boranlı kúnlerdi erli-zayıp birgelikte, sabırlılıq hám aqıllılıq penen jeńip ótkenine isenimi kámil boladı. Óytkeni, olarda aldıńǵı shańaraqlar sıyaqlı nápák isler menen aralasqanda yaki túsinbewshiliktiń, menmenliktiń qulına aylanǵanında shańaraǵı uzaq dawam etpegen bolar edi. Shıǵarmanıń tiykarǵı ideyası - shańaraqlıq qatnasıqlardaǵı mashqalalar sırtqı faktorlar nátiyjesi emes, al adamlardıń ishki tayarlıǵı, ruwhıy juwapkershiligi hám óz-ara túsinisiw dárejesi menen baylanıslı ekenligin ashıp beriwden ibarat. Úy adamı obrazı usı ideyanı sáwlelendiriwshi simvolikalıq qural bolıp, ol ajırasıw sebepshisi emes, al adamlar arasında burınnan bar bolǵan kelispewshiliklerdi júzege shıǵarıwshı kúsh sıpatında kórinedi. Spektakl muhabbattıń óz-ózinen máńgi emesligin, onı saqlap qalıw ushın ruwhıy

jetiskenlik, sabır hám juwapkershilik zárúr ekenligin atap ótedi. Sol arqalı shıǵarma tamashagóydi neke, muhabbat hám shańaraqlıq turmısqa sanalı, sın kózqarastan hám juwapkershilikli qatnasta bolıwǵa shaqıradı. Spektaklde avtor kompoziciyalıq qurılıstı durıs dúzgenligin kóremiz hám tamashagóydi aqırına shekem uslap turıwshı sebepti tapqanın, fabulanı bir jipke dizgenin baqlaymız. Usı sebepler menen de avtor – qazaq dramaturgi Kazbek Amanjoldıń óz kásibi boyınsha sheber ekenligin ańlaymız. Ol zamanagóy shańaraqlıq qatnasıqlardıń quramalı táreplerin kórkem konflikt tiykarında ashıp beriwge erisken. Dramaturg tamashagóy dıqqatın aqırına shekem uslap turatuǵın fabula jaratıp, waqıyalardı logikalıq izbe-izlikte rawajlandıradı. Solay etip waqıyalardıń rawajlanıwı tamashagóyde qızıǵıwshılıq oyatıp, shıǵarmanıń finalına shekem dramalıq kúshleniwdi saqlap qaladı. Rejissyor Rinat Saparov saxnalıq háreket, obrazlardıń óz-ara qatnası hám janr talapların úylestirgen halda spektakldi sahnaǵa alıp shıqqan. Onıń dáslepki dóretiwshilik jumısı sıpatında "117-kvartira" teatr repertuarın jańa ideyalıq hám estetikalıq qun menen bayıtqanın atap ótiw múmkin. Jas rejissyor Rinat Saparovtıń dáslepki dóretiwshilik miynetin joqarı baqalasaq arzıydı.

Juwmaqlap aytqanda, "117-kvartira" spektakli zamanagóy teatr kórkem ónerinde dramediya janrı imkaniyatların kórsetetuǵın áhmiyetli sahnalıq shıǵarma bolıp esaplanadı. Shıǵarmada simvolikalıq obrazlar arqalı shańaraq, muhabbat hám insan qatnasıqlarına baylanıslı quramalı máseleler kórkemlik jaqtan tiykarlı túrde sáwlelendirilgen.

Bul spektakl teatr ıqlasbentleriniń estetikalıq talapların qanaatlandırıw menen birge, zamanagóy dramaturgiya hám rejissuradaǵı dóretiwshilik izlenislerdiń nátiyjeli úlgisi sıpatında bahalanıwı múmkin. Sebebi búginniń tamashagóyi júdá ziyrek hám talapshań. Sol ushın da birdeylikten, ápiwayılıqtan zerikken teatr ıqlasbentlerin usınday ózgeshe hám biytákirar spektakller menen teatrǵa qaytara alamız.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Arastu. Poetika. – T: Yangi asr avlodi, 2012.
2. Ansatbaev N. Teatr hám aktyor, sabaqlıq. 2020.
3. Dramanıń túp nusxası.
4. Ismaylov Ajiniyaz. "Qirol» ning yangi talqini" Journal of Culture and Art 1.3 (2023): 69-74.
5. Darushova D.K. "YOSH REJISSYORNING YANGI TALQINDAGI SPEKTAKLI." Oriental Art and Culture 5 (2024): 656-658.
6. Darushova D.K. "DOLZARBLIGINI YO’QOTMAGAN ASARNING QORAQALPOQ SAHNASIDAGI TALQINI." TANQIDIY NAZAR, TAHLILIY TAFAKKUR VA INNOVATSION G ‘OYALAR 1.1 (2025): 355-358.
7. Darushova, D.K. "YAXSHI DRAMATURGIYA VA REJISSYOR YECHIMINING UYG ‘UNLIGI." Inter education & global study 3 (2025): 628-635.



**REZYUME.** Bul maqalada Qaraqalpaq mámleketlik jas tamashagóyler teatrı sahnasında qoyılǵan "117-kvartira" spektakli tallanadı. Shıǵarmada dramediya janrınıń ózine tán ózgeshelikleri, kompoziciyalıq sheshim, sonday-aq, tiykarǵı simvolikalıq obraz - úy adamınıń filosofiyalıq-estetikalıq talqılanıwı jarıtıp berilgen. Spektaklde zamanagóy shańaraqlıq qatnasıqlar, muhabbat hám neke mashqalalarınıń sahnalıq kórinisi dramaturgiya hám rejissura kózqarasınan talqılanadı.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье анализируется спектакль «Квартира 117», поставленный на сцене Каракалпакского государственного театра юного зрителя. В работе рассматриваются особенности жанра драмедии, композиционное решение, а также философско-эстетическая интерпретация центрального символического образа — домового. В спектакле с позиций драматургии и режиссуры оценивается сценическое воплощение проблем современных семейных отношений, любви и брака.

**SUMMARY.** This article analyzes the performance of House 117, staged at the Karakalpak State Theater of Young Spectators. The play examines the peculiarities of the drama genre, its